



Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL AP ANONSE OUVÈTI PERYÒD APLIKASYON POU PWOCHÈN FAZ SIBVANSYON YO POU SEKIRIZE KOMINOTE YO KONT KRIM RAYISANS YO

Gen 25 milyon ki disponib atravè Divizyon Sèvis Jistis Penal pou sipòte Pwojè Sekirite Batiman ak Pwojè Fòmasyon yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti peryòd aplikasyon an pou 25 milyon dola nan sibvansyon pou ranfòse mezi pwoteksyon ak sekirite nan etablisman òganizasyon san bi likratif yo ki gen risk pou sibi krim rayisans oswa atak akòz ideyoloji yo, kwayans yo, oswa misyon yo. Finansman an ap administre atravè Pwogram Sekirize Kominote yo kont Krim Rayisans (Securing Communities Against Hate Crimes Program) nan Divizyon Sèvis Jistis Penal Eta New York epi pèmèt yo achte bezwen sekirite adisyonèl yo.

"Antanke Nouyòkè, pa gen anyen nou plis fyè de li ke divèsite nou", **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Eta nou an depi lontan te yon refij pou moun ki te pèsèkite pou jan yo adore, pou moun yo renmen, oswa pou kote yo soti. Malgre angajman sa a pou egalite ak enklizyon, pral toujou gen moun k ap chèche divize nou. Nou pap janm kite move aktè sa yo divize nou epi finansman sa a enpòtan pou asire yo pa fè sa."

Jan lwa eta a defini sa a, krim rayisans yo se krim yo komèt kont moun, gwoup moun oswa pwopriyete paske yo gen yon pèsèpsyon oswa kwayans sou ras, etnisite, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon oswa lòt karakteristik. Krim sa yo afekte kominote yo tout antye, pa sèlman sib yo vize yo. Eta New York retrase ensidan sa yo separeman pa rapò ak lòt krim pou yo ka siveye tandans yo epi pou yo ka pran mezi yon fason pwo-aktif nan prevansyon yo.

Pòtpawòl Asanble Eta New York a (New York State Assembly) Carl Heastie te deklare, "Rayisans pa gen plas li nan New York, epi Majorite Asanble a angaje pou asire eta nou an enklizif ak akeyan pou tout moun. Finansman sa a pral bay òganizasyon yo resous yo bezwen pou amelyore sekirite yo kont sila yo k ap chèche pote rayisans ak laperèz nan kominote nou yo. Nou pral kontinye travay pou rele ak leve kanpe kont rayisans ak asire ke chak Nouyòkè - kèlkeswa ras, relijyon, oryantasyon seksyèl oswa etnisite - santi yo an sekirite nan kominote pa yo."

Premye Komis Adjwen Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la, Mark E. White, te deklare, "Sekirite piblik ak egalite mache men nan men. Nou deja wè a plizyè repriz konsekans entolerans, diskriminasyon ak rayisans yo, ak retonbe yo pote finansyèman ak nan fòm twoma ki enflije sou moun, moun yo renmen yo, kominote yo e menm moun k ap pase yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou anpeche atak visye sa yo nan bay finansman pou dekouraje krim rayisans yo anvan yo komèt yo."

Reveran Al Sharpton, Prezidan ak Fondatè, National Action Network la, te deklare, "Eritaj rayisans ak rasis nan peyi nou an twò souvan se yon eritaj vyolans. Vyolans sa pa ka inyore ni kache anba tab an e mwen felisite administrasyon Hochul la paske li rekonèt bezwen inik kominote Afwo-ameriken an nan bay finansman sa a pou pwoteksyon ak sekirite òganizasyon kominotè nou yo."

Marc Morial, ki se Prezidan National Urban League, te deklare, "Li pa sekre ke Afwo-ameriken yo regilyèman sible pou vyolans motive ak diskriminasyon ki gen motif rasyal. Se yon eksperyans nou viv wè twò souvan nan anpil nan kominote nou yo. Òganizasyon san bi likratif yo ak òganizasyon ki etabli pou sèvi kominote nou yo pa diferan, e mwen apresye angajman demontre Gouvènè Hochul la pou pwoteksyon yo."

Eric S. Goldstein, Direktè Egzekitif Jeneral, UJA, te deklare, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li pibliye Sibvansyon POU Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans (Securing Communities Against Hate Crimes Grant, SCAHC) ak POU angajman li pou ranfòse òganizasyon san bi likratif New York yo epi ede kenbe kominote nou yo an sekirite."

Vis Prezidan Egzekitif ak Direktè Egzekitif Jeneral JCRC-NY la, Gideon Taylor, te deklare, "Jiska dat an 2021, NYPD rapòte 450 krim rayisans, 158 ladan yo te Anti-Jwif. Malerezman, ane sa a tou li kraze rekò pou krim Anti-Azyatik, Anti-Katolik, Anti-LGBT ak Anti-Transjan yo. Menm yon sèl krim ki motive pa rayisans twòp. Pandan anpil ane, Gouvènè Kathy Hochul te yon lidè nan batay kont rayisans nan eta nou an. Avèk nouvèl faz sibvansyon SCAHC yo li pral ede asire ke moun k ap antre nan enstitisyon kominal yo pral jwenn pwoteksyon ak sekirite. Nou rekonesan anpil."

Doktè David Kilmnick, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral LGBT Network (Rezo LGBT) la, te deklare, "Kominote LGBTQ a depi lontan te sib vyolans rayisans. Sa ki pi trajik, nou te wè rayisans sa a manifeste poukont li senk ane pase lè yo te tire ak touye prèske 50 moun LGBTQ diskotèk Pulse nan Orlando. Men pi pre lakay nou, nou te wè yon ogmantasyon nan krim rayisans kont Nouyòkè LGBTQ yo nan dènye ane yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li bay sibvansyon sa yo pou ede kominote yo pwoteje tèt yo kont vyolans rayisans",

Raben Yeruchim Silber, Direktè Relasyon Gouvènmantal New York, nan Agudath Israel of America, te deklare, "Avèk anti-semitis ak rayisas ki malerezman toujou alantou, li pi enpòtan pase anvan pou ke enstitisyon nou yo gen kapasite pou pran tout mezi ki nesèsè pou asire sekirite apwopriye pa yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul

paske li rekonèt menas sa a lè li kòmanse pwochen tou aplikasyon finansman pou sibvansyon sekirite enpòtan sa yo epi ankouraje tout antite ki kalifye pou aplike."

Jo-Ann Yoo, ki se Direktè Egzekitif Federasyon Ameriken Dorijin Azyatik la, te deklare, "Kominote Ameriken dorijin Azyatik la se sib yon ogmantasyon etonan nan zak vyolans rayisans. Antanke Nouyòkè, pwoteksyon ak sekirite nou enpòtan, e lè li mete finansman sa a disponib pou òganizasyon ki sèvi kominote nou an patikilye, Gouvènè Hochul te demontre kijan li pran pwoblèm sa a oserye."

Evan R. Bernstein, ki se Direktè Nasyonal Community Security Service (Sèvis Sekirite Kominotè) la, te drklare, "Mwen kontan anpil pou wè nouvèl faz sibvansyon finansman ki nesese anpil pou sekirize kominote yo kont rayisans lan. Mèsi Gouvènè Hochul ak Eta New York paske nou kontinye inisyativ sa a nan yon moman kote nou wè yon ogmantasyon nan krim rayisans yo. Finansman enpòtan sa a pral pèmèt anpil ONG atravè eta a ranfòse enfrastrikti ak sekirite epi kapab fè fas ak agresyon ak atak ke yo konsidere kòm krim ki enplike rayisans yo."

Maury Litwack, Direktè Jeneral nan Orthodox Union, te deklare, "Lansman pwogram sibvansyon sa a se yon resous enpòtan pou pwoteje kominote yo nan tout eta a. Anons Gouvènè Hochul la montre sou ki pwèn administrasyon li an ap pran ogmantasyon alarmant nan ensidan antisemit la oserye nan New York ak lòt krim rayisans nou akeyi lansman finansman pou sekirite ak finansman sibvansyon adisyonèl la ki pral ede pwoteje fanmi, kominote ak enstitisyon New York yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chinese-American Planning Council la, Wayne Ho, te deklare, "Avèk krim rayisans anti-Azyatik ki toujou ap ogmante a, li pi enpòtan pase anvan pou sipòte òganizasyon kominotè yo ki bay sèvis kiltirèl ak lengwistik ki apwopriye yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li pran mezi pou pwoteje òganizasyon kominotè Amerikano-Azyatik yo nan eta nou an epi paske li fè pwoblèm sa yo tounen yon priyorite pou administrasyon li an."

Atravè dènye faz finansman, yo pral akòde prim ki rive jiska 50,000 pou sipòte kontra de zan ki prevwa kòmanse nan mwa jen nan ane 2022. Finansman yo ka kouvri amelyorasyon sekirite eksteryè oswa enteryè, ki gen ladan sistèm kadna ekleraj, alam, bouton panik, kloti, baryè, kontwòl aksè, vè ki pa ka kase, fim anti eksplozyon ak sistèm sonorizasyon. Finansman yo ka kouvri tou depans ki asosye ak fòmasyon sekirite.

Òganizasyon ki kalifye yo ka soumèt jiska twa aplikasyon pou yon maksimòm 150,000 dola a. Chak etablisman pral egzije [yon aplikasyon separe](#). Etablisman ki te deja resevwa finansman pou Pwogram Sekirize kominote yo kont Krim Rayi yo pa kalifye; sepandan, òganizasyon yo ka aplike pou plis pase yon etablisman.

Yo dwe soumèt aplikasyon yo bay DCJS disi vandredi 7 janvyè 2022. Vizite [paj sit wèb Sibvansyon/Finansman DCJS la](#) pou kondisyon kalifikasyon, enstriksyon, direktiv ak lòt enfòmasyon yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418